QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA ORTA-ARNAWLÍ PROFESSIONAL BILIMLENDIRIW TARAWÍNÍŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

*(2022/2023-oqıw jılı basına)*

## Ózbekstan Respublikasında orta arnawlı professional bilimlendiriw tarawí

Professional bilim beriw tarawı aldıńǵı shet el tájiriybeleri tiykarında jetilistiriw, baslanǵısh, orta hám orta arnawlı professional bilim basqıshların eńgiziw arqalı miynet bazarı ushın tájriybeli hám básekige shıdamlı kadrlar tayarlaw hám de usı processke jumıs beretuǵınlardı keń tartıw maqsetinde, 2020/2021 oqıw jılınan baslap Ózbekstan Respublikasında bilimlendiriwdiń xalıqaralıq standart klassifikaciyalaǵichı (TXST) dárejeleri menen sáykes jańa baslanǵısh, orta hám orta arnawlı professional bilim sisteması hám de siyasiy gruppalastırılǵan bilim programmaları eńgiziletuǵın bilimlendiriw mákemeleri tarmaǵı dúzildi.

*Maǵlıwmat ushın*: Milliy bilimlendiriw tarawíníń dúzilisi hám bilimlendiriw programmalarınıń mazmuni hár túrliligi sebepli túrli mámleketlerdiń erisken nátiyjelerin, salıstırıw hám olardıń milliy hám xalıq aralıq kólemdegi maqsetlı tárepke alǵa jılısıwın baqlaw qıyın bolıwı múmkin. Global kólemde bilimlendiriw tarawíníń tárepleri hám processlerin túsiniw hám tuwrı aytıw ushın maǵlıwmatlardıń salıstırıwın támiyinlew ásirese zárúrli bolıp tabıladı. Buǵan xalıq aralıq kólemde salıstırılatuǵın statistikalıq maǵlıwmatlardı klassifikaciyalaw hám usınıw ushın koncieptual hújjet- Bilimlendiriwdiń Xalıqaralıq Standart Klassifikaciyasınan (TXST) paydalanıw arqalı erisiw múmkin.

TXST-2011 klassifikaciyası 2011-jıl noyabr ayında YUNESKO Bas konferensiyasınıń 36-sessiyasında qabıl etilgen. Dáslep YUNESKO tárepinen 1970-jıllarda islep shıǵılǵan hám birinshi ret 1997-jılda qayta kórip shıǵılǵan. TXST klassifikaciyası milliy hám xalıq aralıq kólemde bilimlendiriw statistikasın jıynaw hám usınıw ushın qural bolıp xızmet etedi. Bul hújjet dúnya boylap bilimlendiriw sistemasındaǵı jańalıqlardı jáne de anıqlaw sáwlelendiriw ushın waqıtı -waqıtı menen jańalanıp turıladı.

## Ózbekstan Respublikasında orta arnawlı, professional bilimlendiriw tarawí

**Orta arnawlı bilimlendiriw akademiyalıq liceylerde** Toǵız jıllıq tayanısh orta bilim beriw tiykarında eki jıl dawamında ámelge asırıladı hám bilim alıwshılardıń intellektuallıq qábilyetleriniń jedel rawajlanıwın, sonıń menen birge tereń, siyasiy gruppalastırılǵan, kásip-ónerge hám shaxsqa jóneltirilgen bilim alıwın támiyinleydi.

## Professional bilimlendiriw

- **Baslanǵısh professional bilim**
- **Orta professional bilim**
- **Orta arnawlı professional bilim**

**Baslanǵısh professional bilim kásip-óner mekteplerinde**-IX klass pitkeriwshileri negizinde biypul tiykarda kúndizgi bilimlendiriw forması boyınsha ulıwma bilim beriw pánleriniń hám qániygelik pánleriniń eki jıllıq integraciyalasqan dástúrleri tiykarında ámelge asırıladı.

**Orta professional bilim kolledjlerde-**mámleket buyırtpası yamasa tólew-shártnama tiykarında kásipler hámde qániygeliklerdiń quramalılıǵınan kelip shıqqan halda, dawam etiw waqti eki jılǵa shekem bolǵan kúndizgi, keshki hám sırtqı bilim formaları boyınsha ulıwma orta, orta arnawlı bilim hám de baslanǵısh professional bilim tıykarında ámelge asırıladı.

**Orta arnawlı professional bilim texnikumlarda-**ulıwma orta, orta arnawlı, baslanǵısh professional hám orta professional bilim tıykarında mámleket buyırtpası yamasa tólew-shártnaması tiykarında kásipler hám de qánigeliklerdiń quramalılıǵınan kelip shıqqan halda, dawam etiw waqtı keminde eki jıl bolǵan kúndizgi, keshki hám sırtqı bilim formaları boyınsha ámelge asırıladı.

## Akademiyalıq liceyler sanı hám olardıń aymaqlar kesiminde bólistiriliwi

*(oqıw jılı basına, birlik)*




***2022/2023-oqıw jılı***




2022/2023-oqıw jılında 2018/2019-oqıw jılına salıstırǵanda akademiyalıq liceyler sanı 4 ke, yaǵnıy 44, 4 % ǵa azayǵan.

2022/2023-oqıw jılı basına olardıń eń joqarı kórsetkishi Nókis qalasında (4) belgilengen bolsa, Shımbay rayonında (1) baqlanǵan.

## Akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılardıń sanı

*(oqıw jılı basına, mıń kisi)*

*2022/2023-oqıw jılında- 61, 3 % 2018/2019-oqıw jılına salıstırǵanda*




Akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılardıń sanı 2018/2019-oqıw jılı basına salıstırǵanda 2,9 mıń kisige, yaǵnıy 61,3 % ga azayǵan.

## Akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılar

*(2022/2023-oqıw jılı basına, mıń kisi)*




2022/2023-oqıw jılı basında akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılar sanı 1,9 mıń kisini quraǵan.

## Akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılardıń gender bólistiriwi

*(2022/2023-oqıw jılı basına, mıń kisi)*




2022/2023-oqıw jılı basına akademiyalıq liceylerde oqıp atırǵan oqıwshılardıń ulıwma sanında ul balalar úlesi 60,9 % ni (1,1 mıń kisi), qızlar úlesi 39,1 % ni (0,7 mıń kisi) quradı.

## Akademiyalıq liceylerdiń oqıtıwshıları quramı

*(oqıw jılı basına, kisi)*




2018-2022-jıllarda akademiyalıq liceylerdiń oqıtıwshıları sanı jıldan jılǵa azayıp kelgen. Óz ornında, 2022/2023-oqıw jılı basında olardıń sanı 2018/2019-oqıw jılına salıstırǵanda 254 kisige, yaǵnıy 53,1 % ga azayǵan.

## Akademiyalıq liceylerdiń pitkeriwshileri

*(mıń kisi)*




2022-jılda akademiyalıq licey pitkeriwshileri sanı 2019-jılǵa salıstırǵanda 2,0 mıń kisige, yaǵnıy 58,1 % ga azayǵan.

## Ózbekstan Respublikasında professional tálim

Professional tálim iyelenetuǵın kásip hám qánigelik boyınsha baslanǵısh professional tálim, orta professional tálim, orta arnawlı professional tálim dárejelerin óz ishine aladı.

**Professional tálim**

**Baslanǵısh professional tálim**

**Kásip-óner mektepleri**
***Dawam etiw waqti:*** **eki jıl**
***Negizinde:*** **IX klass pitkeriwshileri**
***Tálim forması :*** **kúndizgi, biypul**

**Orta professional tálim**

**Kolledjler**
***Dawam etiw waqti:*** **eki jılǵa shekem**
***Negizinde:*** **ulıwma orta, orta arnawlı, baslanǵısh professional tálim**
***Tálim forması:*** **kúndizgi, keshki hám sırtqı, mámleket buyırtpası yamasa tólew-shártnama tiykarında**

**Orta arnawlı professional tálim**

**Texnikumlar**
***Dawam etiw waqti:*** **keminde eki jıl**
***Negizinde:*** **ulıwma orta, orta arnawlı, baslanǵısh professional hám orta professional tálim**
***Tálim forması:*** **kúndizgi, keshki hám sırtqı, mámleket buyırtpası yamasa tólew-shártnama tiykarında**

## Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemeleri sanı

*(oqıw jılı basına, birlik)*




Kásip-óner mektepleri, kolledjler hám texnikumlar sanınıń analizi texnikumlar kóbeygenligi, kásip-óner mektepleri hám de kolledjler bolsa azayǵanlıǵın baqlaw múmkin.

Mısalı, 2022/2023-oqıw jılı basında kasb-óner mektepleri sanı 2020/2021-o'quv jılına salıstırǵanda 1 ge, kolledjler 3 ke azayǵan, texnikumlar sanı bolsa 2 ge kóbeygen

## Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemelerinde oqıp atırǵan oqıwshılardıń sanı

*(oqıw jılı basına, mıń kisi)*




2020/2021-oqıw jılınan 2022/2023-oqıw jılına shekem bolǵan dáwir analizi kásip-óner mektepleri, kolledjler hám texnikumlarda oqıp atırǵan oqıwshılar sanınıń artıwın kórsetedi.

Sonday etip, bul dáwirde olardıń sanı kásip-óner mekteplerinde 2,1 esege, texnikumlarda 2,5 esege, kolledjlerde bolsa 62,7 % ke asqan.

## Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemelerinde oqıp atırǵan oqıwshılar sanınıń gender bólistiriwi

*(2022/2023-oqıw jılı basına, mıń kisi)*




2022/2023-oqıw jılı basında baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemelerinde oqıp atırǵan barlıq oqıwshılar sanında qızlardıń úlesi (58,0 %) ul balalardıń úlesine (42,0 %) salıstırǵanda kóp bolǵan.

Egerde professional tálimniń hár bir dárejesi bólek kózden ótkerse, kásip-óner mekteplerinde oqıp atırǵan ul balalar (73,4 %) úlesi qızlar (26,6 %) úlesine salıstırǵanda kópligin kóriw múmkin. Kolledj hám texnikumlarda oqıp atırǵan oqıwshılar arasında qızlar ul balalarǵa qaraǵanda kóbirek.

Sonday etip, kolledjlerde qızlar úlesi 87,4 % ni, ul balalar úlesi 12,6 % ni, texnikumlarda bolsa qızlar 53,3 % ni, ul balalar 46,7 % ni shólkemlestirgen.

## Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemeleriniń oqıtıwshıları quramı

*(oqıw jılı basına, kisi)*




Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemelerinde sońǵı úsh jıl dawamında oqıtıwshılar sanı kóbeygenin atap kórsetiw múmkin. Sonday etip, 2022/2023-oqıw jılı basında olardıń sanı 2020/2022-oqıw jılına salıstırǵanda 38,1 % ga asqan.

## Baslanǵısh, orta, orta arnawlı professional tálim mákemeleriniń pitkeriwshileri

*(2022-jıl ushın, mıń kisi)*






# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA ORTA-ARNAWLI PROFESSIONAL BILIMLENDIRIW TARAWÍNÍŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

Maǵlıwmat ushın: *Kásip-óner mekteplerinde kadrlar tayarlaw ulıwma bilim beriw mákemeleriniń 9-klass pitkeriwshileri esabınan qáliplestirilgen gruppalarda, 2 jıllıq ulıwma bilim beriw hám qánigelik pánleriniń integraciyalasqan programmaları tiykarında, kúndizgi tálim formasında ámelge asıriladı.*

**Kásip-óner mektepleri sanı, birlikte**

| 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|
| 23 | 22 |

## Kásip-óner mektepleri rayonlar boyınsha bólistiriliwi, birlikte*

*(2022/2023- oqıw jılı basına)*






2022/2023-oqıw jılı basında Qaraqalpaqstan Respublikasında 22 kásip-óner mektepleri belgilengen.

**atap aytqanda mádeniyat hám kórkem óner mekteplerin qosqan halda*



## Kásip-óner mekteplerinde oqıp atırǵan oqıwshılardıń bólistiriliwi, mıń kisi

*(oqıw jılı basına)*

### Rayonlar boyınsha

*2022/2023- oqıw jılı basına*




2022/2023-oqıw jılı basına kásip-óner tálimi mákemelerinde 10,0 mıń oqıwshı oqıp atır. Rayonlar boyınsha eń joqarı kórsetkish Nókis q.- 1,6 mıń, eń kami Bozataw rayonında - 0,1 mıń.




Eger kásip-óner tálimi mákemelerindegi barlıq oqıwshılar 100 payız dep alınsa, olardıń 23,1 payızın qızlar, 76,9 payızın ul balalar quraydı.

## Kásip-óner mekteplerinde iskerlik júrgizip atırǵan oqıtıwshılardıń rayonlar boyınsha bólistiriliwi

*(oqıw jılı basına, orındaslarsız, kisi)*







2022-jılda kásip-óner mekteplerinde sabaq beretuǵın oqıtıwshılar sanı 2021-jılǵa salıstırǵanda 607 danaǵa yamasa 1,1 esege kóbeyip, 677 dananı quradı.

Aymaqlar kesiminde eń kóp oqıtıwshılar Nókis q.- 132 dana, eń kemi - Moynaq rayonında - 13 kisi belgilengen.

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA ORTA-ARNAWLÍ PROFESSIONAL BILIMLENDIRIW TARAWÍNÍŃ TIYKARGÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## Kolledjler sanı, birlikte

*(oqıw jılı basına)*

### Rayonlar boyınsha




### Qaraqalpaqstan Respublikası






2022/2023-oqıw jılı basında Qaraqalpaqstan Respublikasında 14 kolledj bar bolıp, rayonlar boyınsha eń kóbi Nókis q (3 birlik), eń kemi Bozataw, Qońırat, Qanlıqo'l rayonlarında (1 birlik) belgilengen.



## Kolledj oqıwshılarınıń bólistiriliwi, mıń kisi

*(oqıw jılı basına)*









2022/2023-oqıw jılı basına Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı 14 kolledjde 8,3 mıń oqıwshı oqıp atır, eń joqarı kórsetkish Nókis q. (2,3 mıń oqıwshı), eń tómen kórsetkish Bozataw rayonında (0,2 mıń kisi) belgilengen.

## Kolledj oqıtıwshılarınıń bólistiriliwi

*(oqıw jılı basına)*

### Rayonlar boyınsha




### Qaraqalpaqstan Respublikası






2022/2023-oqıw jılı basına kolledjlerde 342 dana (orındaslarsız) oqıtıwshılar iskerlik kórsetip atır, bul kórsetkish 2021-jılǵa salıstırǵanda (2021-jılda - 369 dana) 0,1 payizǵa azayǵanlıǵın baqlaw múmkin.

## Texnikumlardiń rayonlar boyınsha bólistiriliwi, birlikte

*(oqıw jılı basına)*




**Qaraqalpaqstan Respublikası**




Qaraqalpaqstan Respublikasında 2022/2023-oqıw jılı basına texnikumlar sanı 15 ti quradı, 2020/2021-oqıw jılı basına salıstırǵanda 2 ge kóbeydi.

## Texnikum studentleriniń bólistiriliwi, mıń kisi
*(oqıw jılı basına)*

### Rayonlar boyınsha




### Qaraqalpaqstan Respublikası






2022/2023-oqıw jılı basında Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı texnikumlarda 7,7 mıń student oqıp atır, eń joqarı kórsetkish Nókis q. (2,7 mıń), eń tómen kórsetkish Qoraózek rayonında (0,2 mıń) belgilengen.

## Texnikum oqıtıwshıları sanı, kisi

*(oqıw jılı basına)*

### Rayonlar boyınsha




### Qaraqalpaqstan Respublikası






2022/2023-oqıw jılı basına texnikumlarda 380 oqıtıwshı iskerlik júrgizgen, bul ótken oqıw jılına (359) salıstırǵanda 0,5 ese kóbeygen. Rayonlar kesiminde eń kóp oqıtıwshılar Nókis q.- 181 , eń kemi - Tórtkúl rayonında - 10 oqıtıwshı.

## Statistikalıq kórsetkishlerge túsindirme

**Orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri sisteması** – baslanǵısh, orta hám orta arnawlı professional, kásip-ónerge tayarlawdıń maqseti hám wazıypaların ámelge asırıw ushın shólkemlestirilgen, oqıwdıń-metodikalıq, materiallıq- texnikalıq hám psixologiyalıq -pedagogikalıq shárt-sharayatlarin támiyinleytuǵın akademiyalıq liceyler, kásip-óner mektepleri, kolledjler, texnikumlardan ibárat boladı.

**Akademiyalıq licey** – úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı buwını esaplanadı hám Ózbekstan Respublikasınıń barlıq puqaralarına mámleketlık ulıwma bilim beriwi úlgileri sheńberinde biypul ulıwma bilim alıwdıń kepillik berilgen huqıqı hám múmkinshiligin beredi.

**Professional tálim** – bilim alıwshılarda belgili bir qánigelik hám kásipler boyınsha kásiplik kompetensiyaların qáliplestiretuǵın hám rawajlandıratuǵın úzliksiz bilimlendiriw sisteması.

**Kásip-óner mektep** — xalıqaralıq klassifikaciyalawdıń 3-dárejesine sáıkes keliwshi programmaları tiykarında 9 -klass pitkeriwshilerin social qollap-quwatlawǵa qaratılǵan baslanǵısh professional bilimlendiriw basqıshında kadrlar tayarlaytuǵın bilimlendiriw shólkemi esaplanadı.

**Kolledjler** — xalıqaralıq klassifikaciyalawdıń 4-dárejesine sáikes keliwshi bilimlendiriw programmaları tiykarında orta professional bilimlendiriw basqıshında kadrlar tayarlaytuǵın bilimlendiriw mákemeleri esaplanadı.

**Texnikumlar** — xalıqaralıq klassifikaciyalawdıń 5-dárejesine sáyikes keliwshi bilimlendiriw programmaları tiykarında joqarı bilimlendiriw sisteması menen integraciyalasqan orta arnawlı professional bilimlendiriw basqıshında kadrlar tayarlaytuǵın, joqarı bilimlendiriw mákemeleri janında iskerlik júrgizetuǵın bilimlendiriw mákemeleri esaplanadı.



**Press-relizdi tayarlaw ushın juwapker:**

**Sociallıq taraw statistikası bólimi**


Qaraqalpaqstan Respublikası
statistika basqarması

Tel.: +99861 222-79-83

www.qrstat.uz


